

NOT POU LAPRÈS

Kolektif 4 Desanm deside leve vwa li byen wo pou'l bat bravo anko pou pèp la ki te pran beton an dimanch 28 fevrier san vyolans ni kraze brize kont diktati, kidnapin ak ensekirite.

Kolektif la mande pou tout zak malonèt sispann nan peyi-a, pou nou pa tonbe pi fon nan tchouboum avan lontan. Kolektif la kontan yo resi tande rèl li yo pou retire vit tente lan figi moun e li kontinye mande pou sa fèt san fòs kote.

Se tout machin ki dwe retire vit tente. Se sa ki kab bay rezilta. PA FÈT POU GENYEN OKENN PASS POU KI !!!! Anplis, nou swete ke yo aboli sirèn ak jiwofa sa yo, se polis, ambulans ak ponpye ki gen dwa sèvi ak yo.

Se menm jan-an nou swete ke polisye ki pral fè kontwòl machin pa fè rondomon, pote sou devan chemiz yo yon nimewo idantifikasyon, pote mask jan mezi sanitè oblije yo pou pwoteksyon kont kowona viris la.

Kolektif la pou'l fini ap mande pèp la pare pou'l boude referandòm pou konstitisyon malatchong ki prevwa pou goudenman sa a rete sou pouvwa epi fè eleksyon nan move kondisyon.

Viv Ayiti, viv eleksyon lib epi aba tout diktati.

Pou kolektif 4 Desanm



Jean Robert Argant
5 mas 2021